

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Warta satata jeung *berita* dina basa Indonesia, kitu ogé dina basa Inggris warta satata jeung *news*. Ilaharna di masarakat, warta dipercaya mangrupa sumber informasi. Éta hal saluyu jeung pamadegan Sidlow & Stephens (2022, kc. 15) nu nétélakeun yén warta mangrupa hiji kajadian nu mampuh ngirut jeung nyieun kapanasaran jalma réa. Warta museur kana informasi nu penting jeung relevan, sarta ditepikeun ku cara anu matak ngirut. Dina cara midangkeun hiji warta bisa ngaliwatan kekecapan, gambar, boh sora nu merenah.

Warta nu dipidangkeun ngaliwatan sora ditepikeun ku cara dibaca. Maca warta kaasup kana maca bedas, sabab sora nu kudu dihasilkeun nalika macakeun warta kudu tarik sangkan kadéngé ku pamaiarsa atawa pangregep. Tarigan (2015, kc. 23) nétélakeun yén maca bédas mangrupa kagiatan maca anu miboga fungsi sangkan pamaca jeung pangregep bisa babarengan nyangking hiji informasi ogé pikiran nu aya dina hiji bacaan. Kukituna penting pikeun pamaca nyangking kaparigelan maca sangkan informasi katepikeun sacara maksimal.

Kiwari maca warta ngagunakeun basa sunda geus beuki heureut. Média informasi anu midangkeun maca warta ngagunakeun basa sunda nepi ka awal taun 2022 bisa diitung ku ramo. Média informasi nu masih kénéh midangkeun nyaéta Bandung TV, TVRI Jawa Barat, RRI, jeung MQM. Anapon sabada niténan acara warta dina média informasi, kapanggih sababaraha pasualan patali jeung cara midangkeun maca warta, di antarana saperti témpo, artikulasi tur kekecapanana nu kurang merenah.

Salian ti dipidangkeun dina média informasi, maca warta ogé asup kana materi ajar dina pangajaran basa Sunda di sakola. Maca warta pikeun siswa penting pisan dina ngaronjatkeun kamampuh basa siswa, kususna dina kamampuh maca bedas. Salian ti ngasah kamampuh basa, ieu hal diajarkeun di sakola salaku tarékah ngamumulé maca warta dina basa Sunda sangkan leuwih dipikawanoh ku siswa. Pangajaran maca warta ayana di kelas di kelas VIII, lamun ditingkat SMP. Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa Sunda Berbasis

Kurikulum 2013 Revisi . 2017 Jenjang SMP/Sederajat, nétélakeun Kompetensi Dasar nu kudu dicangking dina pangajaran maca warta téh nyaéta 4.1 *Mengekspresikan teks warta (berita) dengan memperhatikan Irama/tempo, artikulasi dan lentong kalimah.* (Lokal, 2017)

Dumasar pedaran Kompetensi Dasar di luhur, katitén yén siswa diperedih pikeun macakeun warta kalawan merhatikeun indikator-indikator nu geus ditangtukeun. Indikator nu kudu diperhatikeun nyaéta wirahma, artikulasi jeung lentong. Dina wirahma hal kudu diperhatikeun nyaéta gancang alonna nalika maca, tong gancang teuing ogé ulah ngayayay. Artikulasi dina macakeun warta kudu jelas, hususna dina huruf vocal (a, i, u, é, o, e, eu). Lentong kalimah nu hadé nyaéta anu puguh randeganana binarung jeung turun atawa naékna nada nu dipungkas ku randegan. Salian ti éta, éksprési atawa paroman nalika midangkeun warta di hareup kelas kudu diperhatikeun. Ekspresi ulah nepi katempo gempur ogé datar sabab tungkul maca téks. Sakabéh hal nu dipertelakeun téh kudu diperhatikeun sangkan téks warta kaéksprésikeun sacara maksimal.

Kanyataan di lapangan, loba kénéh siswa nu kurang dina pangajaran maca warta. Salasahijina di kelas VIII SMP Miftahul Iman. Dumasar wawancara jeung guru basa Sunda kelas VIII dina tanggal 24 Maret 2022, kapaluruh yén kamampuh siswa dina maca warta téh masih kénéh héngkér. katitén tina artikulasi nu can jelas, siswa loba kénéh nu macana gegegendengan nepi ka informasi nu dibacana teu katepikeun. Wirahma nalika macakeun warta masih kénéh gancang teuing. Lentong kalimahna can merenah, datar tur teu puguh ngarandegna dimana. Éksprési nalika midang masih keneh datar bari tuluy nempo téks. Sabada niténan pasualan nu kapanggih di lapangan, kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Miftahul Iman loba nu can ngahontal kana udagan nu ditangtukeun dina KD maca warta.

Nilik kana RPP kelas VIII SMP Miftahul Iman, katitén yén pangajaran maca warta sacanna ngagunakeunna média pangajaran nu kawilang sederhana. Média pangajaran nu digunakeunna nyaéta kertas téks warta. Dina prak-prakanna, siswa macakeun téks warta nu aya dina kertas. Teu salilana média pangajaran nu sederhana kurang éféktif pikeun ngahudang kamampuh siswa, nu kudu

diperhatikeun mah cocog atawa henteuna éta média pangajaran pikeun hiji bahan ajar ogé kaayaan siswa.

Kiwari siswa geus dalit jeung téknologi, sabab geus asup kana generasi Z. generasi Z mangrupa lalandian pikeun budak nu lahir di jaman nalika téknologi geus beuki maju, nu matak geus teu ahéng jeung rupa-rupa téknologi nu ayeuna sering digunakeun. Ieu hal bisa jadi kasempetan pikeun ngalarapkeun téknologi kana kagiatan diajar sangkan bisa nyaluyukeun ogé jeung kamajuan jaman. Rupa-rupa téknologi bisa dijadikeun bahan pikeun média pangajaran nu éféktif tur ngahudang minat siswa.

Média pangajaran nu cocog bisa méré pangaruh nu signifikan kana ngaronjatna kamampuh diajar siswa. Média pangajaran nu ngirut bisa nyieun siswa sangkan leuwih sumanget dina diajar. Pangaruh média pangajaran kana minat siswa ditétélakeun ku Nurhasanah & Sobandi (2016), yén aya dua faktor anu mangaruhan kana hasil diajar siswa nyaéta faktor internal jeung faktor ékternal. Faktor internal salasihijina téh minat. Minat diajar siswa bisa ditarékahan ku cara nyieun pangajaran nu inovatif ngagunakeun média pangajaran.

Salian éta, aya sababaraha faktor nu kudu dipehatikeun guru nalika nyieun hiji média pangajaran. guru kudu merhatikeun tujuan pangajaran sangkan disaluyukeun jeung média nu rék digunakeunna. Média nu baris digunakeun, kamampuh siswa, sadia henteuna sarana prasarana ogé kudu diperhatikeun, sangkan meunangkeun média anu cocog pikeun hiji matéri ajar (Nurseto, 2012).

Média pangajaran nu mangrupa wadah tina indikator pangajaran nu baris ditepikeun ku guru ka siswa, miboga udagan pikeun ngahontal prosés diajar nu éféktif sangkan siswa leuwih maham kana matéri ajar. Bisa disebut yén média pangajaran téh miboga pangaruh nu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa, pikeunngahontal hasil diajar nu leuwih maksimal (Riyana 2012, kc. 12).

Salasihiji média pengajaran nu ngagunakeun téknologi jaman kiwari nyaéta média *teleprompter*. Nurutkeun Fachruddin (2017) *teleprompter* téh mangrupa hiji pakakas nu biasa digunakeun ku presenter nalika midangkeun warta di stasiun tv. Tujuan tina ngagunakeun *teleprompter* téh nyaéta sangkan jalma nu keur nyarita bisa ketempo teu maké téks. Ieu média téh beuki sumebar sabada ayana

*Baca Berita Challenge* dina salasahiji *platform média sosial*, nyaéta *Tiktok*. Kiwari *teleprompter* geus beuki canggih, geus aya dina wangun aplikasi nu leuwih praktis jeung ekonomis. Kukituna *teleprompter* bisa dipaké ku saha waé jeung dimana waé. *Teleprompter* nu geus pakna pikeun mantuan presenter nalika macakeun warta, bisa jadi conto pikeun dilarapkeun ogé kana pangajaran maca warta di sakola.

Dina panalungtikan Diki Sumarna anu judulna "Keefektifan Média *Teleprompter* Dalam Pembelajaran Membacakan Teks Berita Terhadap Siswa Kelas VIII Smp Negeri 5 Bandung" nétélakeun yén média *teleprompter* éféktif pikeun materi membaca téks *berita*. Nurutkeun hasil panalungtikanna, média *teleprompter* éféktif pikeun pangajaran berita. Katitén yén nilai siswa téh ngaronjat tina rata-rata 61 jadi 82. Panalungtikan Diki Sumarna téh aya sasaran jeung ieu panalungtikan. Bédana ieu mah baris dilaksanakeun dina warta basa Sunda.

Anapon panalungtikan séjénna nu aya patalina jeung ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan Ai Sylvia Nurpiansari anu judulna "Stratégi Practice Rehearsal Pairs dina Pangajaran Maca Warta Studi Eksperimén ka siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2019/2020" dina hasil panalungtikanna ngébréhkeun yén aya bébéda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *posttest* atawa kamampuh siswa dina maca warta maca saméméh jeung sabada ngagunakeun ieu stratédi diajar. Bedana ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu dilaksanakeun ku Ai Sylvia Nurpiansari nyaéta nu hiji mah ngagunakeun stratégi pangajaran, ari ieu panalungtikan mah ngagunakeun média pangajaran.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan anu judulna Média *Teleprompter* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajaran 2021/2022) perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar pedaran kasang tukang di luhur, kapanggih sababaraha masalah anu kaidéntifikasi, nyaéta:

- a. stasiun TV nu midangkeun acara warta Sunda nu beuki heureut, ngabalukarkeun beuki langkana maca warta nu maké basa Sunda;
- b. dina acara warta Sunda sababaraha média informasi, kapanggih pasualan ngeunaan artikulasi nu can jelas, lentong ogé kekecapan nu can merenah;
- c. kurangna kamampuh siswa dina maca warta. Katitén kamampuh siswa dina artikulasi nu can jelas, irama/tempo jeung lentong nu can merenah;
- d. média Pangajaran nu kurang ngirut, bisa mangaruhan kana karep diajar siswa. Ku kituna perlu baris dilarapkeun média *teleprompter* dina panagjaran maca warta Sunda; jeung
- e. média *Teleprompter* can kungsi dilarapkeun dina maca warta basa Sunda.

Tina idéntifikasi masalah nu diébréhkeund di luhur, sangkan pasulan nu rék dianalisis dina ieu panalungtikan puguh ambahanana ogé puguh watésanana, masalah panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh maca warta siswa saméméh ngagunakeun média *teleprompter* di Kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022?
- b. Kumaha kamampuh maca warta siswa sabada ngagunakeun média *teleprompter* di Kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022?
- c. Aspék-aspek naon waé anu ngaronjat dina pangajaran maca warta ngagunakeun média *teleprompter* di kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022?
- d. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh maca warta siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *teleprompter* di Kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun, nganalisis, jeung nguji larapna média *teleprompter* dina ngaronjatna kamampuh maca warta di kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. ngadéskripsikeun kamampuh maca warta siswa saméméh ngalarapkeun média *teleprompter* di kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022;
- b. ngadéskripsikeun kamampuh maca warta siswa sabada ngalarapkeun média *teleprompter* di kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022;
- c. ngadéskripsikeun aspék-aspék nu ngaronjat sabada dilaparkeun média *teleprompter* di Kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022; jeung
- d. nguji béda anu signifikan antara kamampuh maca warta siswa saméméh jeung sabada dilarapkeun média *teleprompter* di Kelas VIII SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mekarkeun pangajaran basa Sunda kucara ngalarapkeun média pangajaran, khususna média *teleprompter* dina pangajarn maca warta.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan dipedar saperti di handap.

- a. Pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun kamampuh dina pangajaran warta..
- b. Pikeun guru, bisa jadi alternatif dina ngalarapkeun média pangajaran, nyaéta média *teleprompter*.
- c. Pikeun nu nalungtik, ngajembaran deui élmu dina widang pangajaran, sarta ngadadasaran pikeun ngalaksanakeun panalungtikan satuluyna.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi diwengku ku lima bab. Dina bab I aya bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan jeung raraga tulisan.

Dina bab II aya ulikan téori, nu medar ngeunaan ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, jeung rara mikir. Anu ngawengku ngeunaan média pangajaran, *teleprompter*, teori maca, teori teori warta jeung sagala hal nu aya patalina jeung materi ajar warta.

Bab III mangrupa metode panalungtikan, nu medar ngeunaan sumber data, desain panalungtikan, metode panalungtikan, wangenan operasional, instrument panalungtikan, teknik pengumpulan data, jeung analisis data.

Bab IV medar ngeunaan hasil panalungtikan jeung pembahasan hasil panalungtikan anu ngawengku kamampuh biantara siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *teleprompter*. Ogé medar éféktivitas média *teleprompter* dina pangajaran maca warta.

Bab V medar ngeunaan kacindekan jeung saran. Panalungtik nepikeun kacindekan jeung saran tina hasil nu geus dilaksanakeun dina ieu panalungtikan.